# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДАҒЫ МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ ОЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ҲУҚУҚЫЙ ДЕРЕКЛЕРИ ҲӘМ МАШҚАЛАЛАРЫ.

**Примбетов Қалбай**

**Әжинияз атындығы НМПИ «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасының үлкен оқытыўшысы**

Арқа Батыс Өзбекистан, Қубла Арал бойы, Қарақалпақстан Республикасы тарийхый ҳәм мәдений байлықларға жүдә бай. Үлкемиздеги мәдений мийраслар конституция тийкарында мәмлекетлик қорғаў объектлерине киреди. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда Мәдений мийрасларды қорғаў ҳәм пайдаланыў ҳаққында нызам ҳәм қарарлар қабыл етилди. Сол тийкарда мәдений объектлерди қорғаў, сақлаў, консервация, реставрация, үгит-нәсиятлаў ҳәм пайдаланыў ислери алып барылды.

Қарақалпақстан мәдений мийрасларын қорғаў ҳәм пайдаланыў бойынша ең дәслепки мәмлекетлик ҳүжжет «Қарақалпақ АО атқарыў комитети тәрепинен мәжбүрий қарар шыққан еди. 1932-жылы 15-январда областлық атқарыў комитетиниң мәжбүрий қарарында «Об учете и охране памятников и предметов старины и искусств» Қарақалпақстан аймағында бул қарар ҳәрекетте, өз күшине ийе екени көрсетилди. Республикамыз аймағында тарийхый ҳәм мәдений, илимий әҳмийетке ийе өтмиштиң естеликлери, искусстволық мийраслары жүдә көп екени көрсетилди. Соларды дизимге алыў, мәдений объектлерди қорғаў, илимий-изертлеў институты тәрепинен илимий баҳалаў илажлары көрсетилди. (-ЦГАРК фонд 13, опись 3, дело 553, лист 190).

Қарақалпақстанда мәдений мийрасларды қорғаў, дизимге алыў, археологиялық қазыў, илимий баҳалаў ислери бойынша бир қанша жумыслар исленди.

Қарақалпақстан аймағындағы тарийхый ҳәм мәдений мийрасларды изертлеўде өзбек археологи Я.Гулямов (1936-жыл) ең дәслеп илимий археологиялық мектеп жаратты. Үлкемиздеги, Антик цивилизацияны изертлеўде, Хорезм мәдениятын жәҳан илимине таныстырыўда С.П.Толстовтың роли ҳәм орны үлкен. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының ҳүрметли академиги С.П.Толстов ҳәм оның шөлкемлестирген «Хорезм экспедициясы» ағзалары тәрепинен үлкемиздеги тарийхый археологиялық мийрасларды (1937-1976) турақлы изертледи, Бирнеше илимий мийнетлер жазды. Сол тийкарда «Өзбекистан халықлары тарийхы», «Хорезм тарийхы» ҳәм «Қарақалпақстан тарийхы» атамаларда Антик дәўир, орта әсирлердеги ата-бабаларымыз өтмиши, мәдениятты қайта тикленди, жәҳан илиминде орны бары көрсетилди.

Арқа Өзбекстан аймағы, Қубла Арал бойының ең әййемги инсанният цивилизаиясының пайда болғанына б.э.ш. 150-130мың жыллар болған. Антик дәўирде, үлкемизде қала мәденияты болып, өзине тән дини, жазыўлары, этномәденияты қәлиплескен. Б.э.ш. VI-V әсирлерге тән Арамей алфавиттеги жазыў Айбүйир қаладан табылыўы, проф. М.Мамбетуллаевтың илимий үлеси, хызмети екени тән алынбақта.

Академик Э.В.Ртвеладзениң пикиринше «Қәдим-шунос М.Мамбетуллаев тәрепинен үлкен Айбүйир қаладан (Арқа Хорезм) табылған оромей жазыўы орта Азиядағы ең қәдимий мийрас (естелик) есапланады. Бул

қәдимги Хорезм тилинде емес, бәлки ҳамон оромей тилинде жазылған болса керек» деп шамалайды.

Қарақалпақстан аймағындағы ерте орта әсирлерге тийисли мәдений мийрасларды изертлеў ғәрезсизлик жыллары ҳақыйқый, илимий изертлеўге шәриятлар жаратылды. Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының профессор-оқытыўшылары 1995-1996 оқыў жылынан баслап Кердер (Qardar) қаласының мийрасларын изертлеўге киристи. Нәтийжеде Нөкис педагогикалық институт жәмәәти тәрепинен «Кердер мәденияты ҳәм оның тарийхтағы орны» атамасында илимий әнжуман шөлкемлестирди, бес жыллық археологиялық қазыўлар жуўмағы жыйнақ болып шықты.

Қубла Арал бойларына VI-VIII әсирлерде Түркий қәўимлердиң миграцияда келгени, олардың материаллық мәденияты, жерлеў дәстүриндеги өзгешеликлер, үлкемизден «уллы жипек жолы» менен саўда байланыслары болғаны, арқа регионнын этномәдений, этносоциаллық, этноэкономикалық ҳәм этноэкологиялық тарийхы бойынша жаңа дереклер анықланды.

Қарақалпақстан аймағында соңғы орта әсирлер ҳәм жаңа дәўирге тийисли мәдений мийрасларды қорғаў, илимий изертлеў ҳәм баҳалаў бойыншада сезилерли жумыслар исленип атыр. Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң археологлары тәрепинен орта әсирлик қалалар-Миздахкан, Пулжай, Бограхан, Қорғанша (Қобланбатыр) қаласы изертленди.

Қубла Арал бойлары Әмиўдәрья алабында мусылман архитектуралық қурылысларының бири, Ислам дининиң нышаны-Мешит, медресе, карўансарай, минар, махбара, ханоко, хамом орынлар бар екени анықланды. Бограхан, Кердер, Миздакханда, мешитлер қурылғаны анықланды. Кердер каладан хамомлар, махбара, Бограханннан минар орны ашылды. XIII-XIV әсирлердеги Хорезм мәденияты, Амир-Темур ҳәм Темурийлер салтанаты дәўирине тән мәдений мийраслар изертленип атыр. арқа региондағы орта әсирдеги жәмийетлик диний орынлар, үстирттеги, шегара жерлердеги «узын дийўаллар», аңшылық кәсиптеги «Аран» қурылыс орынлары, «Уллы жипек жолы» бойындағы минар, Карўансарай, Қараўыл төбе, Қорған қалалардың орны, сақланыў жағдайлары үйренилди.

Қарақалпақстан аймағындағы жаңа дәўирге тийисли «Араллы» халықлар ҳәм Қарақалпақлардың материаллық мәдениятын үйрениў бойынша да жумыслар алып барылды. Европалы саяхатшылар, Россия картографлары дүзген карта-чертежлар тийкарында, Әмиўдәрья алабындағы қарақалпақ калалары ҳәм макан жайларын үйрениўге итибар берилмекте. Қарақалпақлар ҳаққында тарийхый жазба мийрасларда толық емес, қысқа болсада, мағлыўматлар бары анықланбақта. Қарақалпақ «Шежире»лер вариантларын жыйнаў ҳәм баспадан шығарыўда әдебиятшылар, миллий зыялылар тепериш хызмет етпекте. Қарақалпақ фольклоры-миллий мийрас, руўхый мәдениятымыздың жыйнағын (100 томлық) баспадан, толық шығарылды.

Жуўмақластырып айтқанда, Қарақалпақстан халқының бай мәдений мийрасларын жыйнаў, қорғаў, келешек аўладларға абайлап-кәстерлеп жеткериў, илимий баҳалаў, үгит-нәсиятлаў ислеринде Ғәрезсизлик жыллары нәтийжели жумыслар исленип атыр. Соның менен бирге, үлкемиздеги мәдений мийрасларды қорғаў ҳәм пайдаланыўда, ҳуқуқый мәдениятымызда машқалалар бары анық. Арал экологиясы, жерлердиң шорланыўы, ақ дузлар мәдений естеликлерге зыянлы тәсийрин тийгизбекте. Қам гербиш, ылайдан исленген қаланың дийўаллары, минарлар, махбара, мешит орынлары

экологиядан әҳмийетин жоғалтып, қулап атыр. Әсиресе, Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик гербиндеги-мәдений мийраслар нышаны сыпатындағы Шылпық қорғаны экологиядан бузылыў, қулаў (буннан 2700-3000 жыл бурынғы, «Авесто» дәўириниң мийрасы) «изсиз жоқ болыў» жағдайында, бул мәдений ҳәм руўхый мийрасымыздың дереги болған орынларда тез-арада реставрациялаў зәрүр, халық-аралық ЮНЕСКО ның мәдeният ислери бойынша комиссияның дизимине киргизиўли керек.

### Ҳүжжетлер ҳәм әдебиятлар

1. Постановление Совета Министров Республики Узбекистан от 30 августа 1968 года N 415 «О мерах по дальнейшему улучщению охраны и реставрации памятников материальной культуры»
2. Обязательное постановление ККАО облисполкома от 15 января 1932 года N 3 «Об учете и охране памятников и предметов старины и искусства»
3. Постановление Совета Министров Республики Узбекистан от 3 августа 1973 года N 339 «О мерах по дальнейшему улучщению охраны и реставрации, учета и консервации памятников архитектуры и археологии»
4. Постановление Совета Министров Республики Узбекистан от 1 октября 1982 года N 663 «Об утверждение положения об охране и исползовании памятников истории и культуры»
5. Постановление Совета Министров Республики Узбекистан от 19 декабря 1986 года N 598 «Об уставе общества охраны памятников истории и культуры Узбекистана»
6. Постановление Кабинета Министров Республики Узбекистан 29 июля 2002 года N 269 «О мерах по дальнейшего совершенствованию охраны и использованию объектов культурного наследия»
7. М.Мамбетуллаев. Хум с городище Айбуйир кала с древнейшей надписью с Средней Азии. Вестник КК ФАНРУз. N 1, 1979. 46-48 бет
8 . М.Мамбетуллаев. О.Юсупов. Археологические исследования на городище Большой Айбуйиркала. Археологические открытия за 1976. М.1977.
9.Э.В.Ртвеладзе., А.Х.Саидов., Е.В.Абдуллаев Кадимги Узбекистан цивилизацияси` Давлатчилик ва ҳуқуқ тарихидан лавҳа. Тошкент., 2001, 101 бет.
10.Кердер мәденияты ҳәм оның тарийхта орны. I-II китап, Нөкис. Қарақалпақстан., 2001.